Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РЕСТДЗИНАД

№ 79 (25808)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 6 май — зæрдæвæрæны мæйы 6 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

1945 2023

Уæлахизы 78 азы

Цытджын Уæлахизы бæрæгбон

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ЗЫНАРГЪ ЦÆРДЖЫТÆ!

Мæ зæрдæбын арфæтæ райсут Цытджын Уæлахизы боны фæдыл — Уæрæсейы ныртæккæ чи цæры, уый уыдонæй алкæмæн дæр у сыгъдæг бæрæгбон. Нæ сæртæ ныллæг æруадзæм, фыдæлты диссаджы хъæбатырдзинады, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæуæлахиз æмæ фашизм чи ныппырх кодта, уыдоны цур.

Уæлахизы бонæй, 1945 азы 9 Майæ цасфæнды рæстæг куы рацæуа, уæддæр нæ зæрдыл дардзыстæм, нæ адæм сæрибардзинад æмæ хæдбардзинад цы уæззау тохты бахъахъхъæдтой, уый, нæ дарддæры аккаг цард, нæ сывæллæтты фидæн хи хъарутæй аразынмæ тырнындзинад.

Уæлахизæн нæ стыр, æвирхъау аргъ бафидын кæй бахъуыд, уый нæ рох нæ уыдзæн. Дæсгай милуангай цард радтой салдæттæ æмæ афицертæ, сабыр цæрæг адæм, уыдонимæ сывæллæттæ æмæ хистæртæ. Уæрæсейы, Цæгат Ирыстоны иу ахæм бинонтæ нæй, æмæ йыл хæст йæ фæд ма ныууадза. Не 'мзæххонтæ архайдтой хæстон операциты, хиуыл нæ ауæрдгæйæ, куыстой фæсчъылдымы. Сæ цот æмæ уыдоны цот хъавгæйæ хъахъхъæнынц хъæбатырты тыххæй мысинæгтæ, иннæ фæлтæртæм сæ дæттынц. Сæ рагон къамтæ "Æнæмæлгæ полкъ"-ы немæ рацæуынц.

Цæгатирыстойнæгтæ фишизмимæ тохмæ стыр бавæрæн бахастой. 90 мин адæймагæй фылдæр барвæндонæй ацыдысты фронтмæ, 40 мин адæймагæй фылдæр, уарзон зæхх хъахъхъæнгæйæ, сæ цард радтой. Советон Цæдисы 79 Хъæбатыры, Кады ордены æххæст кавалертæ 11, хæстон ордентæ æмæ майдантæй хорзæхджынгонд 60 мин адæймаджы — ахæм у Ирыстоны бавæрæн Цытджын Уæлахизмæ.

Нæ бон сæрыстырæй зæгъын у, уæды хъæбатыртæн ис аккаг фæдонтæ. Уыдон сты нæ æфсæддон службæгæнджытæ, бархионтæ, æрсидты уæнгтæ — æмхуызонæй архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы. Хъæбатырдзинад, хъару, лæгдзинад æвдисгæйæ, уыдон сæ фыдæлтæ æмæ дадатæ кæй бахъахъхъæдтой, уыцы Фыдыбæстæйы фарн æмæ æдасдзинады сæрыл тох кæнынц. Нæ зæрдæтæ сын тагъд уæлахиз æмæ хæдзæрттæм фарнимæ сыздæхын зæгъы!

Нæ адæм сæ иудзинад æмæ фидардзинады, Фыдыбæстæмæ æгæрон уарзты фæрцы цы сгуыхтдзинад равдыстой, уый тыххæй мысинæгтæ зæрдыл дарын у нæ сæйраг хæс.

Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, зынаргъ æмбæстæгтæ! Сабырдзинад, æнæниздзинад, амонд æмæ æнтыстдзинæдтæ уæ хай!

Сергей МЕНЯЙЛО,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргъláæуæг

ЗЫНАРГЪ ÆМБÆСТÆГТÆ!

Ныр æвдай æстæм хатт æмбæлæм, нæ бæстæйы алкæцы бинонтæн дæр табуйаг чи сси, не Стыр Уæлахизы уыцы боныл. Ацы бæрæгбон ирд æвдисæн у, историон рæстдзинад алкæддæр тыхджындæр кæй разыны, дуне фашизмæй чи бахъахъхъæдта, Фыдыбæстæйы уыцы иузæрдион хъæбулты лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад æгæрон кæй сты, уымæн.

Ацы бонты мах алкæддæр æрымысæм, лæгæвзарæн азты йæ Райгуырæн бæстæйы сæраппонд карздæр тохы чи балæууыд, хистæр фæлтæрты уыцы минæвæрттæ. Уæлахиз къухы æнцонæй нæ бафтыд — нæ мингай æмзæххонтæ хæсты быдыры баззадысты. 45-æм азы уæлахизхæссæг уалдзæг æввахсдæр кодтой, уæлдай уæззау æмæ тыхст уавæрты цæрын æмæ кусын кæй бахъуыд, фæсчъылдымы уыцы фæллойгæнджытæ дæр.

Цæуынц азтæ, иу фæлтæр иннæйы ивы, фæлæ хæсты архайджытæ æмæ фæсчъылдымы фæллойгæнджыты хъæбатырдзинад Уæрæсейы цæрджытæн æнустæм баззайдзæн удуæлдайдзинады дæнцæгæй. Уæлахизхæссæг фæлтæры фæдонтæ уæвын уæлдай кад æмæ бæрнондзинад у.

Фыдыбæстæйæн иузæрдион службæйы фæтк абон дарддæр кæнынц ныры фæлтæртæ. Æмæ ныртæккæ нæ бæстæйы сæраппонд карз тохы чи бацыд, уыцы адæм æнувыд сты патриотизмы, хъæбатырдзинады, Фыдыбæстæмæ æгæрон уарзондзинады идеятыл.

9 Майы агъоммæ, фыццаджы-фыццагдæр, арфæйы ныхæстæ мæн зæгъын фæнды уæлахизхæссæг фæлтæры минæвæрттæн. Уыдон бафæрæзтой уыцы уæззаудæр карз тохæн. Уый тыххæй уын нæ сæртæй ныллæг кувæм!

Зынаргъ æмзæххонтæ, нæ æппæтадæмон намыс æмæ национ сæрбæрзонддзинады бæрæгбоны хорзæх уæ уæд! Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, амонд, сабырдзинад æмæ фæрныгад!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар

Фембæлд

Ног проекттæ, ног фæндтæ

Кавказаг инвестицион равдысты фæзы РЦИ-Аланийы Сæргъláæуæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН уыдис кусæг фембæлд компани "Кавказ.РФ"-йы генералон директор Андрей ЮМШАНОВИМÆ. Ныхас цыдис, Цæгат Ирыстоны инвестицион проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уыцы фарстатыл.

Сергей Меняйлойæн равдыстой нæ республикæйы туристон кластер "Аланыстоны хурджын рон"-ы мастер-пълан. Хаст æм æрцыдысты: Дзæуджыхъæуы санаторон-курортон комплекс, Дæргъæвсы интерактивон музеимæ фæндаггæрон комплекс æмæ Фæснæлы хиирхæфсæн центр арт-объекты арæзтæдты проекттæ. Сбæрæг кодтой, Уæллаг Фыйыагдоны Цымытийы историон-рекреацион фæзмæ фистæрæй цæуыны маршрут дæр, Мидæгræбинаг æхсæрдзæнтæм хæстæг фæлладуадзæн бынат, кемпинг, кæй хонынц, уый, Сæнайы хохмæ альплагер æмæ Хъобангомы экстрим-парчы ног бынæттæ.

Ацы проект "Аланыстоны хурджын рон"-ы мастер-пълаиыл бакусыны хъуыддаг, æхсæнад Кавказ. РФ ООО "НКД"-йæн бафæдзæхста Уæрæсейы Хицауад. Проект арæзт цæуæдзæн дыууæ фæлтæрæй. Фыццаджы амынд цæуы кластеры концепцийыл бакусын, дыккаджы та, ныхасæй хъуыддагмæ рахизын, проект сæхæст кæныны мадзал.

— "Аланыстоны хурджын рон" проект нæ республикæйæн тынг ахсджиаг у. Хæстæгдæр рæстæг бацæттæ кæндзыстæм презентаци, цæмæй Ирыстоны цæрджытæ бæлвырд бамбарой, цы хъавæм саразын, уый. Уыдон сты 95 проекты хæхбæсты, рæзты институт "Кавказ. РФ" кæуыл бакуыста, уыдон сты 2,3 миллиард сомы аргъ. Дарддæр архайдзыстæм инвесторты æрбаздахыныл. Алы проектæн дæр республикон инвестицион советы æххуысæй хъæуы сбæлвырд кæнын зæхх хай æмæ фарстатæ æхæст кæнын, — загъта нæ республикæйы Сæргъláæуæг.

КАВКАЗАГ ИНВЕСТИЦИОН РАВДЫСТ

Андрей Юмшанов та фæнысан кодта, рæзты институт "Кавказ. РФ" проекты дыккаг фæлтæры архайынмæ цæттæ кæй у, уыцы хъуыды.

— Ахсджиаг у проекттæм инвесторты архайд æрбаздахын æмæ ма паддзахадон æххуыстæ дæр райсын. Мастер-пълаиыл нæ æмгуыстад канд йæ уагæвæрдтыл бакусынæй нæ ахицæн уыдзæн. Мах цæттæ стæм нæхи гæнæнтæй федералон æмвæзадыл кусын. Æппæт проекттæн дæр æмгъуыд ис 1-2 азы. Æмæ мæ уырны, проекттæ инвестортæн тынг цымыдисаг кæй уыдзысты æмæ республикæйы фæзыл туристты цы бынæттæ æлвасынц сæхимæ, уыдон кæй рацараздзыстæм, уый, — загъта Андрей Юмшанов.

РЦИ-Аланийы
Сæргъláæуæджы æмæ
Хицауады пресс-службæ

Æвзæрстытæ

Фæсивæды минæвæрттæ

Цæгат Ирыстоны фæсивæдон æвзарæн къамис бахыгъта, 28-30 апрелмæ республикæйы цы фæсивæдон ног равзæрсты æвзæрстытæ цыд, уый бæрæггæнæнтæ.

Регионы цæрджытæ электронон формæйæ хъæлæс кæнынæй пайда кæнгæйæ, 18 азæй 35 азы онг фæсивæды сæвзæрстой фæсивæдон парламентмæ — æдæппæт 35 депутаты. Уыдоны 'хсæн сты алыхуызон къабæзты — æнæниздзинад хъахъхъæнынад, ахуырад, спорт, журналистикæ æмæ студентты минæвæрттæ.

Депутаты мандаттæ райстой Дзæуджыхъæуы 13 минæвары: **Течиаты Руслан, Кæркуысты Георги, Брытъиаты Алан, Дзгойты Артур, Туаты Эммæ, Туаты Алан, Аслæмырзаты Азæмæт, Багаты Эллинæ, Уыртаты Илонæ, Гæгойты Георги, Куыдзиаты Азæмæт, Бæззаты Алинæ, Бырнацты Зауырбег**, стæй республикæйы районты минæвæрттæ — **Бутаты Дзамболат, Джыккайты Давид, Цæболты Арсен, Гуыбаты Арсен, Маргаритæ Куценко, Хъамболты Азæмæт, Соскъиты Алан, Бицъоты Георги, Дмитрий Лехтерев, Вячеслав Хабитов, Мария Серенко, Рабинæ Кагаова, Будайчиты Камилæ, Æлбегаты Эльмирæ, Ходы Алыксандр, Багаты Юри, Гаглойты Дзантемыр, Плиты Давид, Гуыриаты Руслан, Таймазты Мæдинæ, Хъæцмæзты Георги, Асеты Анвианæ.**

Цæгат Ирыстоны Парламент раздæр цы уынаффæ рахаста, уымæ гæсгæ фæсивæды закъонæвæрдон оргæны бынæтты бæрц фæкъаддæр, стæй йæ депутатты æмгъуыд дæр фæцыбырдæр дыууæ азы онг.

БÆЗЗАТЫ Алинæ

Парламенты советæй

Ацы хатт — Алагиры район

Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.

А фæстаг рæстæг депутаттæм цы хорз фæтк æрфидар, уымæ гæсгæ ацы хатт советы уæнгтæ абалц кодтой Алагирмæ æмæ уым æмбырды рæстæг æрныхас кодтой районы социалон-экономикон райрæзты ахсджиаг нысантыл æмæ сæ фидæны пълантыл.

Æмбырд гом кæнгæйæ, Тускъаты Таймураз йæ разныхасы бафиппайдта, Цæгат Ирыстон йæ историйы дæргъы цы рæзты фæндæгтыл рацыд æмæ йын цы æнтыстытæ уыд, уым алагирæгтæ алкæддæр стыр æвæрæн кæй хастой, уый. "Район хъуыстгонд у куыд йæ историон рæсугъд цаутæй, афтæ йæ кадджын æмæ номдзыд адæмæй", — загъта Парламенты Сæрдар.

Алагиры районы социалон-экономикон рæзты æмæ, 2022 азы йæ фæзуатыл национ проекттæ куыд æххæстгонд цыдысты, стæй сæм 2023 азмæ цавæр пълантæ ис, уый фæдыл раныхас кодта районы сæргъláæуæг **Дзантиаты Ислам**. Дзантийы-фырт районы сæргъы куы æрлæууыд, ууыл афæдзæй фылдæр нæма рацыд, æмæ, куыд загъта, афтæмæй уыцы аз алкæмæн дæр уыд лæгæвзарæн, уæззау аз. "Нæ районы цæрджытæй 500 адæймаджы ныртæккæ архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы. Сæ бинонтæн сын баххуыс кæнын бынæттон администрацийæн ныртæккæ у йæ сæйрагдæр хæстæй иу. Чи дзы фæмард, 17 ахæм æфсæддонты бинонтæн радтам фæйнæ 200 мин сомы, æхцайæ баххуыс кодтам, чи фæцæф, уыцы 18 æфсæддонæн дæр. Стæй канд æхцайæ нæ, фæлæ пайда кæнæм æххуысы æндæр мадзæлттæй дæр," — загъта раныхасгæнæг. 300 хаттæй фылдæр район арвыста гуманитарон æххуыс сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг се 'мзæххонтæн. Районы социалон-экономикон рæзт, Дзантиаты Исламы ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд азы нæ фæкъуылымпы. Цалцæггонд цæуынц фæндæгтæ, куыст цæуы коммуналон, медицинон лæггæдты хæрзхъæддзинадыл, цæрæн хæдзæрттæм газ бауадзыныл, фæлладуадзæн æхсæнадон бынæтты, стæй бирæфатерон хæдзæртты кæртыты æнцонвадат уавæртæ аразыныл.

— 2022 азы бюджет æхæстгонд æрцыд 101,2 процентæй. Йæ хæрдзтæн сæ тæккæ фылдæр уыдысты социалон нысаниуæджы хæрдзтæ, — загъта районы сæргъláæуæг.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, адæмæй сæм цы куырдиæттæ цæуы, уыдонмæ здахынц уæлдай стырдæр æргом. Ивгъуыд аз бынæттон администраци райста 3,5 мин куырдиатæй фылдæр, æмæ дзы иунæг дæр æнæ дзуаппæй нæ баззад. Уымæй уæлдай сæм стыр æргом здæхт цæуы туризмы алы хуызтæ райрæзын кæнынмæ. Уыцы нысанæн Алагиры районы ис æппæт фадæттæ дæр.

Ивгъуыд аз Алагиры район йæ бюджет куыд сæхæст кодта, стæй, ацы азмæ бынæттон бюджетæн йæ размæ цы хæстæ æвæрд ис, уый фæдыл раныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацийы комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Куыд загъта, афтæмæй бынæттон бюджетæн йæ ныфс сты, районы цы æртæ егъау куыстуаты ис, уыдон: "Рус-Гидро", "Газпром" æмæ Хызæгты федералон компанийы энергосистемæтæ. Æнæ адоны хъалонтæй бюджеты уавæр уаид сагъæссаг, уымæ гæсгæ Хæдарцы-фырт бынæттон разамындæн се 'ргом аздæхта бюджетмæ цæуæг æфтиæгты æндæр гуырæнтæм дæр, зæгъæм, исбонадыл хъалонтæ æмæ æндæртæм.

(Кæрон 4 фарсыл)

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 майы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **20-25 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **21-23 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,20

Хурыскаст — 04,46
Хурныгуылд — 19,06

Валютæйы аргъ

Доллар — 81,46↓
Евро — 89,46↓

12+

Ничи ферох, ницы ферох

"Зæххыл цы стырæр тох фæцыди,

1945 2023

Уæлахизы 78 азы бонмæ

"Æнæмæлгæ полкъ": Слантæ æмæ Хуыгаты хъæбатыртæ

Фыдыбæстæйы Стыр хæст арф фæд ныууагъта нæ адæмы историйы, зæрдæрыст фæкодта, куыд не Стыр Фыдыбæстæйы, афтæ Ирыстоны æппæт бинонты дæр. Абон дæр ма æнкъарæм, цыфыддæр знаг раздæры Советон Цæдисы адæмтæн цы æвирхъау фыдбылызтæ 'рхаста, уыдоны тæваг.

Фæлæ нæ хистæр фæлтæртæ сæ дæнцæгон иудзинады, Райгуыраен бæстæйыл иузæрдиондзинад æмæ æгæрон хъæбатырдзинады фæрцы аккаг ныхкъуырд радтой тыхгæнæгæн, уæлахизы сæраппонд не 'вгъау кодтой сæ удтæ, сæ цард.

Нæ иумæйаг уæлахизмæ Ирыстоны адæм цы стыр æвæрæн бахастой, уый æнустæм уыдзæн Фыдыбæстæмæ уарзондзинад æмæ Райгуыраен бæстæйыл æнувыддзинады дæнцæг. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты хъæбатырдзинад рох нæу: сæ номыл сын уадзынц чингуытæ, сæ хабæрттæ сын ракæнынц телеуынынад æмæ газетты...

Фæстаг азты та уыцы номæраен мадзæлтты 'хсæн сæрмагонд бынат бацахста дзыллон акци "Æнæмæлгæ полкъ". Уæлахизы бон хæсты хъæбатырты байзæддæгтæ сæ фыдæлты къамтæ бæрзонд куы сисынц æмæ горæты сæйраг фæзмæ мингæйттæй сæрыстыраей куы рацæуынц, уæд адæймаджы зæрдæ ныккæрзы...

Иннæ уæрæсейаг регионтæй хъауджыдæр, Ирыстоны цæрджытæ "Æнæмæлгæ полчъы" рацæуынц мыггаггай дæр. Ныридæгæн бирæ ирон мыггæгты минæвæрттæ уыцы акцийы архайдтой сæрмагонд колоннæтæй.

Мæн та радзурын фæнды Слантæ æмæ Хуыгаты "Æнæмæлгæ полчъы" тыххæй. Дыууæ æрвадæл мыггаджы минæвæрттæ дæр хъæбатыраей хæцыдысты знаджы ныхмæ, бирæтæ сæ баззадысты хæсты быдыры. Уыдон дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, рохгæнинаг не сты, хъуамæ сæ мыггаджы, стæй, æвæццæгæн, Ирыстоны æппæт кæстæртæ дæр зоной.

Фæнды мæ сæ номæй-номмæ ранымайын.

СЛАНТÆ:

Георги Григорийы фырт
Георги Геойы фырт
Никъала Геойы фырт
Георги Дзебойы фырт
Григори Дауыты фырт
Налыхъ Дауыты фырт
Григори Исахъы фырт
Иван Нестъоры фырт
Илья Никъалайы фырт
Константин Кириллы фырт
Ладо Василийы фырт
Ревски Леуаны фырт
Георги Алыксандры фырт
Федыр Хасæхъойы фырт
Соскъо Андрейы фырт
Соскъо Бдойы фырт
Филип Иваны фырт
Хæмæтхъан Дзибойы фырт
Харитон Дзибойы фырт.

ХУЫГАТÆ:

Владимир Сергейы фырт
Гаспар Хъазыбеджы фырт
Аким Семены фырт
Гоцъи Сачинойы фырт
Иорам Сачинойы фырт
Евген Иликъойы фырт
Евген Ильяйы фырт
Сапе Хъазыбеджы фырт
Дмитри Сандройы фырт
Иликъо Данилы фырт
Матвей Данилы фырт
Нано Данилы фырт
Цъæхой Данилы фырт
Илья Дрикойы фырт
Кима Солæманы фырт
Къола Хусулайы фырт
Сардион Хусулайы фырт
Михал Бедтойы фырт
Михал Дауыты фырт
Ясон Дауыты фырт
Мисута Падойы фырт
Ростъом Падойы фырт
Никъала Къибилы фырт
Семен Мерабийы фырт
Тембол Хъасимахъы фырт
Темболат Петры фырт
Платон Павелы фырт.

Ацы аз, бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ, амынд дзыллон акци арæзт æрцæудзæн онлайн-фæткы бындурыл. Фæлæ мæ зæрдæ дарын, фидæны Уæлахизы бон нæ мыггаджы минæвæрттæ дæр сæрмагонд къордæй "Æнæмæлгæ полчъы" кæй рацæудзысты æмæ не 'дзард хæстонты къамтæ бæрзонд кæй сисдзысты, ууыл.

ХУЫГАТЫ Зæирæ,
фæллойы
ветеран

Паулюсты хæдзары цары – джызæйлаг лæппу

Æвæдза, цас æнæнхъæлæджы фæзилæнтæ вæйиы царды, цас диссаджы хабæрттæ! 90-æм азты райдайæны уазæгуаты уыдтæн хæсты æмæ фæллойы ветеран Хъыргъаты Костяйы хæдзары. Уæд ма республикæйы радиойы куыстон æмæ ацыдтæн Костямæ, ныффыссон ын, зæгъын, магнитофоныл йæ хабæрттæ. Уæдæй нырмæ дзæвгар рæстæг рацыди. Костя æгас нал у, рухс дзæнæты бадæд, фæлæ мæм баззад блокноты фыстæй хæсты æмæ сабыр царды тыххæй йæ радзырд...

Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ Костя иуцасдæр бакуыста Джызæлдоны ГЭС-ы арæзтады, стæй сфæнд кодта уæлдæр ахуырад райсын. Зæрдæргъæвд лæппуйæн бантыст Мæскуыйы æфсæнвæндаджы транспорты инженерты институтмæ бацæуын. Æнтыстджынæй йæ каст фæци 1940 азы. Уæдмæ Европæйы нæрыди хæст, немыцаг æфсæдтæ, зыд бирæгътау, ныхъуырдтой иу паддзахад иннæйы фæдыл. Фæлæ советон адæмы ныфс уыдис, сæ сабыр цард кæй бахъахъхъæндзысты, знаг кæй не 'рбауæнддзæн, уымæй. Алчидæр йæ царды нысантæ баста рухс сомбон, амонджын фидæнимæ.

Костя æмæ йæ цардæмбал Раисæйæн уæдмæ рахъомыл сты дыууæ сабийы — чызг Ирæ æмæ лæппу Валодя (йæ рæстæджы Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы депутат, бирæ азты фæкуыста Дзæуджыхъæуы фыццæгæм педагогон училищæйы директорæй), уæд ма цардысты Мæскуыйы. Сывæллæттæ арæх мысыдысты сæ фыдыфыд Дзицци æмæ фыдымад Лезийы. Æмæ сæ ныййарджытæ иу сæрдыгон бон 1941 азы афæндараст кодтой дард Ирыстонмæ, Джызæлмæ. Цалдæр боны фæстæ та райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст.

ХЪЫРГЪАТЫ Костя

Костяйæн йæ куыстмæ гæсгæ уыдис хæцæг æфсадмæ нæ ацæуыны бар, фæлæ уæддæр цалдæр хатты куырдиат балæвæрдта фронтмæ ацæуыны тыххæй: "Æмбæрстон, ам дæр хъуыдис адæм, кусджытæ, фæлæ... куыд æгад мæм касти ахæм тызмæг заман фæсчъылдымы бадын, уымæн зæгъæн дæр нæй..."

Æппынфæстаг ын йæ куырдиат сæххæст кодтой, ацыди Костя хæцынмæ.

Фыццаг хатт тохы тæмæнмæ Костя бахауд горæт Ржевы бынмæ. Уый фæстæ та йæ Волоколамскмæ хæстæг "ссардта" сармадзаны нæмыджы схъис. Уыцы бонты анæрыд æнæхъæн дунейыл инæлар Панфиловы дивизийы 28 хъæбатыры кой, уыцы тугкалæн хæстыты фæмард зындгонд инæлар, Плиты Иссæйы хæстон æмбал Лев Доватор дæр.

Костя (галиуæрдыгæй) йæ мад Лези æмæ сиахс КОДЗАТЫ Габоимæ

Афæдзы 'рдæгæй фылдæр фæхуыссыд госпитæлы Хъыргъаты Костя. Йæ цæф уыйас нæ рысти, æнкъард сагъæстæ цас агайдтой зæрдæ — знаг йæ ных сарæзта Кавказмæ, хæстæг бацыд Дзæуджыхъæумæ, Костяйы уарзон райгуыраен Джызæл февзæрд карз тохæн йæ тæккæ цæхæры. Мæт кодта Ирыстоныл, хиуæттыл, хъæбултыл, хъæубæстыл... "Гъе, уæддæр, уырны дæ, иу уысм дæр мæхæдæг дæр æмæ госпитæлы ме 'мбæлттæ дæр дызæрдыг нæ кодтам, знаг пырхгонд кæй æрцæуудзæн, ууыл, — дзырдта мын Костя. — Æмæ уыцы ныфс бонæй-бонмæ дæр фылдæр кодта..."

Госпитæлы фæстæ та æрлæууыд хæцæг æфсады раззаг рæнхъыты, арвау нæрыдысты йе 'фсæддон хайы сармадзантæ, адзал хастой знæгтæн. Уый фæстæ ма ноджы иу хатт фæцæф Костя — Одессæйы бынмæ.

Бирæ цаутæ бадардта йæ зæрдыл уыцы тызмæг азтæй. Хъуыды кодта, Германы кæцыдæр стыр горæты хæст куыд цыди, æмæ йын йæ командæгæнæг, иу бæрзонд, рæсугъд агъуыстмæ амонгæйæ, бардзырд куыд радта, схиз цармæ телефонимæ æмæ нæ артиллеристтæм дзур, кæдæм æхсын хъæуы, уый. Схызти Костя цармæ, хæдзар уыдис афтид, йæ хæс сæххæст кодта, нæ сармадзанты нæмгуытæ йæ амындæй æмбæлдысты нысаныл. Куы 'рхызти зæхмæ, уæд та йын командæгæнæг, бахудгæйæ, загъта: "Ды, Хъыргъайы-фырт, ныртæккæ уыдтæ фельдмаршæл Паулюсы бинонты хæдзары... Хъысмæт, лæппу, хъысмæт!". (Уæдмæ Паулюсæн Сталинграды хæсты йе 'фсад дæрæнгонд æрцыд, йæхæдæг та уацары бадти Советон Цæдисы).

Никуы ферох кодта Костя Берлинмæ не 'фсæдты ныббырст дæр. Сæдæгай тыхджын цырæгътæ — прожекторты рухсæй горæт хъахъхъæнджытæ ницыуал уыдтой, кæдæм æхсой, куыд æхсой, исдугмæ бакуырм сты. Нæ танктæ та абырстой размæ, дуне гуыв-гуыв æмæ сармадзанты нæрын сси, зæхх æмризæджы рызт...

Уый фæстæ фæллад, рыгæйдзаг уæлахиздзаутæ, уыдонимæ джызæйлаг Хъыргъаты Костя дæр, фыстой сæ нæмттæ рагон немыцаг хæдзæртты къултыл, цыма дзы хæс дардтой, ныр æй бафыстой æмæ фенæмæт сты, уыйау... Хæстон хорзæхтæй йæ фæтæн риу дзаг, афтæемæй сыздæхт Ирыстонмæ Костя. Сабыр цард ногæй аразынмæ...

ХÆМЫЦАТЫ Морис

Сæ хæстон фыдæбæттæ

Царды рæсугъд бæрзæндтæм фæндагыл кад æмæ намысæн бирæ гæнæнтæ ис.. Адæймаг та сæм схæццæ вæйиы æгъдау, æфсарм, лæгдзинад, æхсар æмæ уды фыдæбоны фæрцы.

Ирыстоны кадджын лæгты æмрæнхъ, уæздан, уарзон, кæстæртæн зондамонæг, бафæзминаг, æгъдаухæссæг, æцæг ирон лæгмæ хорзæй цыдæриддæр ис, уыцы æвæрццæг миниуджытæ арф æвæрд кæй зæрдæты уыдысты, царды цæрайæ чи цард, уыцы куырыхон хистæрты номхыгъды уыдис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Байсонгъуырты Алыксандры фырт Георги. Уый райгуырд 1925 азы Æрæфы районы Дымты хъæуы. 1932 азы сæ бинонтæ сæ цæраен бынат раивтой Сырх-Дыгурмæ. Георги куы фæхъомыл, уæд бацыд ФЗО-мæ, фæлæ йæ нæ истой йæ азтæм гæсгæ æмæ хъæусоветы йæ кармæ бафтауын кодта иу аз, фыст æрцыдис 1924 азы гуырдæй. 1941 азы йын æфсадмæ акæныны афон нæма уыд, фæлæ, цы æрыгон лæппуты кодтой, уыдонæй уыд бæрзонддæр æмæ хъаруджындæр, æмæ йæм æрсидтысты. Цыколайы æфсæддон комиссарадæй æфсадмæ цæуджыты Æрыдонмæ арвыстой бричкæйыл. Бæхты та скъæрдта Цопанты Микъалайы фырт Барис.

Æрыдоны горæты Барисæн лæппутæ хæрзбон загътой, фæлæ уымæн йæ зæрдæ нæ хицæн кодта йе 'мгæрттæй æмæ сын афтæ зæгъы: "Мæн дæр хæстмæ кæндзысты, æмæ мæ цæйнæфæлтау æнæзонгæ лæппутимæ арвитой, фæлтау сымахимæ ацæудзынæн". Балæгъстæ кодта Æрыдоны районы æфсæддон комиссараен, йæ бæхтæ кæмæдæр ныууагъта æмæ йе 'мбæлттимæ ацыд тохы быдырмæ.

Барисы фыд Микъала куы базыдта, йæ фырт хæстмæ кæй ацыдис барвæндонæй, уый, уæд æфсæддон хаймæ ныффыста разæнгардгæнæн писмо, цæмæй хъæбатыраей хæцой знаджы ныхмæ, ныддæраен сæ кæноой æмæ кадимæ сæ хæдзæрттыл сæмбæлой. Æфсæддон хайы командæгæнæг æй салдæтты раз бакаст хъæраей. Цопанты Микъала уыд ахуыргонд лæг. Советон дуг куы нæма ралæууыд, уæд Уæллагкомы хъæуты куыста сауджынæй. Советон дуджы та ахуыргæнæгæй кусын райдыдта. Цалынмæ хæст фæцис, уæдмæ иу ротæйы уыдысты Георги æмæ йæ сыхаг Гуссауты Алексей (Мынци). Бирæ фыдæбæттæ федтой иумæ дыууæ хæстон лæппуйы.

Иу бон та немыцимæ карз тохы фæстæ Алексей акъоппæй Георгимæ хъæр кæны. Георги йæ уарзон æмбалы хъæр куы фехъуыста, уæд æм удаистæй базгъордта, кæд мыйиаг фæцæф, зæгъгæ. Кæсы, æмæ Алексей акъоппы æрхæндæгæй бады. "Цы кодтай?", — фæрсы йæ Георги. Уый йын æнкъардæй загъта, сæ иумæйаг кателок нæмыгæй кæй фæхуынкъ, æмæ хæринаг цæм хæрой, уый сын кæй нал ис.

Бирæ хæстон хабæрттæ ныффыссæн ис Георги æмæ Алексейы тыххæй. Иу хатт та батальон райста цавæрдæр хъæу знаджы дзæмбытæй ссæрибар кæныны бардзырд. Бабырстой хъæумæ, знаджы ныхмæ карз тохы бацыдысты. Ныддæраен кодтой немыцы, чи ма дзы баззад, уыдон лидзæг фесты. Хъæуы цæрджытæн бамбарын кодтой советон хæстонтæ, цæмæй рагацау сæ хæдзæрттæй ацæуой, сæхи бахизой фыдбылызæй.

Знаг лидзынмæ куы фæци, уæд æххормаг салдæттæ апырх сты хæдзæрттыл, кæд исты хæринаг ссариккам, зæгъгæ. Георги, йæ риуыл автомат, афтæмæй иу хæдзармæ бацыд, кулдуар бакодта. Цæмæй зыдта, цыппар немыцаг салдатæн нал бантыст алидзын, уый. Хæдзары къул цæхæрадонырдæм хуынкъ кодтой, сæ иу дуармæ лæууыд хъахъхъæнæгæй. Немыцаг салдат Георгийы джебогъæй барæхуыста. Автомат ыл бæргæ ауагъта Георги, фæлæ, къул цы немыцаг салдæттæ хуынкъ кодтой, уыдонæй йæ иу фехста. Автоматы къæр-къæрмæ йе 'мбæлттæ æрбазгъордтой. Аскъæфтой Георгийы санбатмæ, æмæ йæ дохтыртæ тыххæй фервæзын кодтой. Цæф æнгуылдз афтæ дæр къæдзæй баззад. Йæ цæфтæ куы фæдзæбæх сты, уæд ын радтой отпуск, æмæ сæхимæ, Сырх-Дыгуры хъæумæ, ссыд. Йæ мад Авдотя æмæ йæ фыд Алыксандр куыд нæ фæцин кодтаккой сæ фыртыл, фæлæ зыдтой, фæстæмæ йæ цæуын кæй хъæуы Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ, уый. Тарстысты йын, мыйиаг, куы нал сыздæха карз хæстæй, æмæ сфæнд кодтой мад æмæ фыд: цалынмæ отпусчы ис, уæдмæ йын бинонты хъуыддаг бакæнæм, кæд йæ фæдыл сывæллон уæддæр баззаид. Байхъуыста Георги мад æмæ фыдмæ, æрхаста йæхицæн цардæмбалæн Гетъойты Заретæйы, фæстæмæ ацыд хæстмæ æмæ та ногæй фæцæф знаджы нæмыгæй.

Заретæ разынд бинонтæн уарзон чындз, æнхъæлмæ каст Георгимæ. Бирæ кæй бауарзынц адæм, уымæн та æвзæр уæвæн нæй.

Гуссауты Алексей дæр фæцæфтæ. Дыууæ сыхаджы, фронты уæвгæйæ, кæрæдзийæ загътой æфсымæртæ æмæ, сæ цæфтæй хъæрзгæйæ, сыздæхтысты Сырх-Дыгуры хъæумæ. Хæсты фæстæ Байсонгъуырты æмæ Гуссауты бинонтæ сæ цæраен бынат аивтой Хорджыны хъæумæ (ныры Назраны районы хъæу Бареуки). Алексей æмæ Георги се 'фсымæрты уый бæрц нæ уарзтой, сæ кæрæдзийы цас уарзтой.

Дыууæ кæнгæ æфсымæры уыдысты куыстуарзаг, хъæлдзæг, ирон хъазты ракафынмæ тынг дæсны. Хъæуы цæрæг сывæллæттæй бирæтæн сæ фыдæлтæ хæсты фæмард сты. Æвзæр рæстæг уыд, æххормаг азтæ скодта, æмæ сын Алексей æмæ Георги æхуыс кодтой. Алексей бирæ нæ фæцард, æрмæст — 36 азы. Сæ сыхæгтæм чындзæхсæвы æркафыд, фæлæ, йæ риуы цы нæмыг баззад, уый феуæгъд, æмæ афтæмæй ахицæн йæ цардæй. Георги йæ бинойнаг Заретæимæ схъомыл кодтой хорз цот — 4 лæппуйы æмæ иу чызг. Хорджыны хъæуы Æхсараты Энверы номыл колхозы уæд уыдис иунæг уæзласæн машинæ, æмæ йыл шоферæй куыста Георги. Уый кæмæн нæ баххуыс кодта машинæйæ, ахæм хæдзар нæ уыд. Æз Георгийæн йæ фыдыхойы лæппу дæн. Мах цыппар сывæллонæй баззадыстæм æнæ фыдæй, хæсты фесæфт нæ фыд, æмæ абон мæ бон зæгъын у: махæн нæ мады 'фсымæр æмæ йæ фырттæ куы нæ 'ххуыс кодтаиккой, уæд нын уыдаид бирæ зындæр.

Алы хъуыддаг дæр нын уыдон кодтой. Байсонгъуырты Георгийæн йæ хæстон скъуыхтдзинæдты тыххæй læвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны æмæ Сырх Стъалыйы ордентæ, иуæндæс та йæм уыдис майдантæ.

Арфæ-иу кодта Уæрæсе æмæ нæ республикæйы хицауадæн, Уæлахизы кадæн хæстон адæмы кæй буц кæнынц, уый тыххæй.

Фатеры ныхмæ йын æхца радтой, стæй пенси дæр хорз ист. Георги æмæ Заретæ кæрæдзийы уарзгæйæ фæцардысты сæ кæстæр фырт Толиккимæ. Буц сæ дардтой, уæлдайдæр та, семæ чи цард, уыцы чындз Гæззаты Фатимæ.

Æгъдау, æфсарм æмæ лæгдзинадæй йæхицæн кад чи скодта, уыдоны нæмттæ хъуамæ рох ма уой.

ГÆЛÆБУТЫ Мухарбег,
фæллойы ветеран,
æхсæнадон уацхæссæг

Кæрдзинæгты уæлахиз

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Цытджын Уæлахизы кадæн хистæркъласонты 'хсæн номæраен комплекс "Æрджынæрæг"-мæ 'ввахс ран чи ацыд, уыцы республикон æфсæддон-спортивон хъазт "Уæлахиз"-ы фыццаг бынат бацахста Кировы районы Кæрдзыны скъолайы командæ, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм та рацыдысты Æрыдоны 1-æм æмæ Дзæуджыхъæуы 22-æм скъолаты минæвæрттæ.

Ерыстæн фадæттæ сарæзта Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрад. Æфсæддон-спортивон хъазт "Уæлахиз"-ы кæронбæттæн хай гом кæныны кадæн арæзт кадджын æмбырды ныхас кæнгæйæ, амынд ведомствæйы разамонæг **Алыбегты Эллæ** загъта:

— Æфсæддон-патриотон ахадындзинад кæмæн ис, Уæлахизы боны агъоммæ Цæгат Ирыстоны цæуынц къорд ахæм дзыллон мадзалы. Бирæ скъолаты сарæзтæуыд æфсæддон-патриотон клубтæ. Фæсивæд спортивон ерыстæй райгонд кæй уыдзысты, уымæй мæ ныфс ис.

Кæрдзыны скъолайы ахуырдзауты къорд ерысты тырыса кадджын уагæй куы рахаста, уæд министр ахуыры æмæ æхсæнадон царды хуыздæр бæрæггæнæнтæ равдисæг районы скъоладзаутæ **Бæрæгъуынты Давидæн, Аннæ Гаврилей** æмæ **Александр Карташовæн** "Æвзонг æфсæддонты намыс"-ы 3-аг къæпхæны майдантæ радта.

Дзыллон мадзалы архайдтой Горæтгæрон, Мæздæджы, Рахизфарсы, Дыгуры, Æрыдоны æмæ Кировы районтæй, стæй Дзæуджыхъæуæй 9 командæйы. Æфсæддон-спортивон хъазты ерысгæнæн хай ацыд Кæрдзыны скъолайы. Лæппутæ æмæ чызджытæ ерыс кодтой хæсты хабæрттæ зонынæй, рæнхъгай цæуынæй, къулы газет цæттæ кæнынæй æмæ патриотон зарджытæ кæнынæй. Республикон ерысты уæлахиздзау Цæгат Ирыстоны номæй архайдзæн Мæскуыйы парк "Патриот"-ы саразинаг æппæтуæрæсеон æфсæддон-спортивон хъазт "Уæлахиз"-ы кæронбæттæн хайы.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: æфсæддон-спортивон хъазт "Уæлахиз" аразынц фæсивæды æхсæн патриотон хъомылад æмæ царды æнæниз уаг парахат кæнынæн, стæй физкультурон-спортивон комплекс "Готов к труду и обороне" (ГТО) скадджын кæнынæн.

РЦИ-Аланийы
Ахуырад æмæ
наукæйы министрады
пресс-службæ

Ничи ферох, ницы ферох

гъе, уым ирон туг дæр ныккалд...”

Лæгдзинады фæндæгтыл...

Советон Цæдисы маршæл Василевский иухатт бафиппайдта, зæгъгæ, ”Æхсардзинады” майдан искæуыл куы фены, уæд дис фæкæны йæ хъæбатырдзинадыл. Уымæн æмæ, дам, ацы салдат кæнæ сержант йæ командиры бардзырдæй æххæст кодта æппæты тæссагдæр æмæ бæрнондæр хæс, цыдис æцæг мæлæтмæ.

Æфсæддон разамонæджы ацы ныхасы стыр хъуыды æвæрд ис. Фæлæ дыууæ ахæм майданы йæ рæстæджы кæй риуыл æрттывтой, уыцы алагираг хæстон Æмбалты Николайы хъæбатырдзинадæн та цавæр аргъ скæнæн ис. Фыдыбæстæйы Стыр хæст уый æрæййæфта горæт Сталинграды. Уыдис тракторон-арæзтадон техникумы дыккæгæм курсы студент. Хæсты фыццаг бонты йæхи фæндонæй бацыд адæмон хæдæфсады рæнхъытæм.

Фæстæдæр танкты полкъ арæзт æрцыд Сталинграды æмæ Æмбалыфырты раивтой ардæм. Нысангонд æрцыд танкты мотортæ цалдæггæнæг специалистæй. 1942 азы февралы полкъ лæууыд Сталинградмæ бацæуæнты. Немыцаг-фашистон æфсæдтæ горæтмæ куы 'рбаввахс сты, уæд полкъ æвæстиатæй æппæрст æрцыд знаджы ныхмæ. Фæлæ уæды рæстæджы нæ танктæ уыдысты зæронд хуызæгыл арæзт æмæ полкъ дæрæнгонд æрцыд. Æфсæддонтæй удæгасæй чи баззад, уыдон та арвыстой алы рæттæм.

Танкистты иу къорд, Николай дæр семæ уыдис, афтæмæй ахуыр кæнынмæ æрвыст æрцыд æндæр æфсæддон хаймæ горæт Горькиймæ Гроховеты лагер, зæгъгæ, уырдæм. Ам уæды рæстæджы æмбырдгонд цыдис, йæ номыр дыууадæсæм кæмæн уыд, ахæм сæрмагонд минометон полкъ.

Ацы полчъы рæнхъыты Æмбалты Николай фæцыд тугуарæн фæндæгтыл, уыимæ фидар баст сты йæ хæстон биографи æмæ æнæферохгæнгæ цаутæ, бахсыст йæ удыхъæд. Фашистон тыхгæнджытæ дæрæнгонд куы 'рцыдысты Сталинграды, уæд минометон полкъ арæх æппæрст цыдис иу фронтæй иннæмæ. Тæссагдæр æмæ минометæй æхсджытæ æххуыс æвæстиатæй кæм хъуыд, уым-иу æй уайтагъд балæууын кодтой.

Куыд базыдтон, афтæмæй Николаймæ йæ рæстæджы уыдис майдан "За оборону Советского Заполярья" дæр. Æвæццæгæн Карелаг фронты дæр хæцыдтæ, зæгъгæ, йæ куы фарстон, уæд афтæ радзырдта:

"Нæ полкъ уыдис Центрон фронты. Ам фæндаг сыгъдæггонд цыдис фистæг æфсæддонтæн. Иу заман бардзырд æрцыд æмæ нæ аппæрстой хæстон архайджыты Карелаг хаймæ. Уый уыдис 1943 азы. Æз уыдтæн взводы командиры æххуысгæнæг. Мах уæлдай тынгдæр тыхстыстæм хъызт рæстæгæй, фæндæгтæ кæм нæ уыд, ахæм бынæттæй. Уæддæр минометтæй æхсджытæ кадимæ сæххæст кодтой сæ размæ æвæрд хæстæ. Цалдæр раны абырсæн бынæттæ сарæзтам фистæг æфсæддонтæн. Хæстон операци æнтыстджынæй куы ахицæн, уæд та нæ ногæй аппæрстой Центрон фронтмæ".

Ныр та минометон полкъмæ æнхъæлмæ кастысты æндæр карз хæстытæ. Горæт Ельнямæ бацæуæнты знаг йæехи хорз æрфидар кодта. Дзотты æмæ дотты сæхи бауон кæнгæйæ, гитлеронтæ æхстой пулеметтæй, минометтæй, не 'фсæдтæн размæ абырсæн нал уыд. Æмбалыфырт кæм хæцыд, уыцы минометон полкъ амынд бынатмæ йæ рæстæгыл куы 'рхæццæ, уæд йæ бон бацис

немыцы фидæрттæ басæттын. Нæ фистæг æфсæддонтæ размæ абырстой 3 километры бæрц. Знагыл бирæ зиантæ æрцыд удæгас тыхтæ æмæ техникæйæ. Фронты командæгæнынад стыр арфæ ракодта минометтæй æхсджытæн ныфсхаст, зондджын архайды тыххæй æмæ сæ бавдыста хæрзиуджытæ сын радтынмæ. Взводы командиры æххуысгæнæг Æмбалты Николай хорзæхджын æрцыд "Æхсардзинады" майданæй.

Нæ размæбырсæг æфсæдты ныхмæ знаг радон хатт æрæвæрдта бирæ сармадзантæ, танктæ æмæ фистæг æфсæддонтæ.Иу ахæм ныббырсты заман сармадзаны нæмыг фехæлд минометон расчетмæ 'ввахс. Минометæй æхсæг æртæ æфсæддоны фæмард сты, взводы командиры хæдивæг Æмбалы-фырт та нæмыджы схъисæй уæззау цæф фæцис æмæ йæ быдырон госпитæлмæ сæмбæлын кодтой. Дарддæр та йæехи дзæбæх кодта горæт Горькийы æфсæддон госпитæлы. Йæ цæфтæ куы байгас сты, уæд та ногæй бахауд Гроховеты лагермæ.

Æмбалты Николайы хæстон биографийы бирæ ис æнæнхъæлæджы цаутæ, карз ныббырстытæ, трагикон мысинæгтæ. Уыдоны фæдыл йæ бон дзурын уыд, кæд бирæ азты размæ æрцыдысты, уæддæр. Алы хатт дæр-иу хъыгзæрдæйæ æрымысыд цæхх æмæ къæбæр кæимæ дих кодта æмæ Райгуыræн бæстæйы сæраппонд хъæбатырæй чи фæмард, уыцы хæстон æмбæлтты. Цы хæрзиуджытæй хорзæхджын æрцыд, уыдон дзурæг сты йæ хъæбатырдзинадыл. Æз æй раздæр азты фарстон Сырх Стъалыйы орденæй цæй тыххæй хорзæхджын æрцыд, уымæй дæр.

"Горæт Дрезден райсыны тыххæй, — дзуапп лæвæрдта зæронд салдат. — Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ 298-æм полкъ æппæрст æрцыд ацы горæты зылдмæ. Фæстæдæр бардзырд райстам, горæт пырхгæнæн кæй нæй, уый тыххæй. Хъуамæ дунейы культурæйы хæзнатæ хъахъхъæд æрцæуой. Уымæ гæсгæ, нæ полкъ уыдис фистæг æфсады дæлбар. Мах æртыхстыстæм горæтыл. Немыц та сæхи баууон кодтой хæдзæртты æмæ не 'фсæдты æхстой алы рæттæй. Фæлæ сæ мах нæ минометтæй ныхъхъус кодтам. Фæстæдæр немыцаг гарнизон йæехи уацары радта. Не 'фсад бахъахъхъæдта дунеон цивилизацийы æппæт рæстæджыты æмæ адæмты нывгæнджыты, скульпторты хуыздæр куыстытæ. Уый тыххæй нæ минометон полкъ хорзæхджын æрцыд Сырх Тырысайы орденæй æмæ нын радтой "Дрезденаг, зæгъгæ, ахæм ном дæр".

Æмбалты Николайы минометон полкъ уыдис Фыццæгæм Украинаг фронты сконды æмæ немыцаг æфсæдты ныхмæ хæцыд Чехословакийы. Уæлахизы бон минометæй æхсджытæ бæрæг кодтой горæт Прагæйы центрон парчы. Фæлæ ма ацы паддзахады зæххыл баззад гитлеронты стыр къорд. Фистæгæфсæдты танкты æмæ сармадзанты æмархайды руаджы минометон полкъ, знаджы дæрæнгæнгæ цыдис размæ. Æмбалы-фырт цы стыр хъæбатырдзинад равдыста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, уыл дзурæг сты Уæлдæр Сæйраг Командæгæнæджы Арфæйы гæххæттытæ дæр. Адонæй Николаймæ уыдис цалдæр: Сандомиры, Уæллаг Силезийы, цæугæдон Одеры, горæттæ Дрезден æмæ Прагæйы карз ныббырстыты тыххæй. Иу ныхасæй, минометæй æхсæг Æмбалты Николай кæрæйкæронмæ фæцыд хæстон фæндæгтыл æмæ Уæлахизмæ сыздæхт Ирыстонмæ. Йæ риуыл цæхæртæ калдтой Сырх Стъалыйы орден æмæ 10 хæстон майданы.

Хæсты фæстæ та Æмбалты Николай йæехи хъазуатон фæллойгæнæгæй равдыста сабыр царды. Дæргъвæтин рæстæг фæкуыста Зджыды æрзæткъахæны æмæ завод "Электроцинчы". Йæ хæстон хæрзиуджытыл ма бафтыд фæллойадон майдантæ, кадджын нысантæ, йæ къам уыдис куыстуаты Кады фæйнæгыл.

ГУСОЙТЫ Темболат

Тохы цæхæры — раззагдæртæ

Хæст цы цыбыр дзырд у, фæлæ цы тынг бирæ маст æмæ цæстысыг хæссы йемæ... Цал сабийы йæ аххосæй баззадысты сидзæрæй, цал æрыгон сылгоймаджы нал систой сæ сау кæлмæрзæнтæ сæ сæртæй... Цал ныййарæджы нал федтой сæ зынаргъ хъæбулты, сæ адзалы онг дæр ма сæм æнхъæлмæ кæсгæйæ, кæд ма искæцæй фæзыниккой, зæгъгæ.

Кæд дзæвгар азтæ рацыдис уыцы æнамонд рæстæгæй абоны онг, уæддæр нæ дзыллæтæй уыцы æвирхъау цаутæ рох не сты æмæ никуы уыдзысты. Афтæ фæкæсы адæймагмæ, цыма æнусон цъititæ дæр сæ фырзынæй тайын байдыдтой, абухгæ хохаг цæуугæдæттæн та сæ размæцыд æрлæууыдис, бæрзонд бæрз бæлæстæ дæр сæ къалиутæ æруагътой уыцы адæемы зæрдæрыстæй.

...Цыфыддæр знаджы ныхмæ систадысты нæ бирæнацион республикæйы цæрджытæ дæр. Хæстон комиссарады цур къухбакæнæн нал уыди хæцæнгарз дарынхъом нæлгоймæгтæй... Чи пъавескæимæ æнхъæлмæ кастис, чи та барвæндонæй йæехи æрвитын кодта фронтмæ...

Уыцы лæгæвзарæн бонты цыфыддæр знаджы ныхмæ лæгдзинад æвдисгæйæ чи тох кодта, уыдонæй сæ иу уыдис Дзанæгаты Афæхъойы фырт Хасанбег (Гадæбе) дæр. Хасанбег райгуырдис 1922 азы 13 июны Дæргъæвсы комы Джимарайы хъæуы. Йæ ныййарджытæ Афæхъо æмæ Залоккæ уыдысты æгъдауджын, уæздан, сæхи фæллойæ чи цард, ахæм бинонты мад æмæ фыд. Зæрдæргъæвд лæппу 1929 азы бацыд Дæргъæвсы райдайæн скъоламæ. Æхсæз къласы каст куы фæци, уæд æрлæууыди фæллойы фæндагыл. Фыдыбæстæйы Стыр хæст æй æрæййæфта Сырх Æфсады службæ кæнгæйæ, Грознайы сахары. Æмæ уырдыгæй ацыди фронтмæ. Бирæ, тынг бирæ уыдысты не 'мзæххоны сгуыхтдзинæдтæ хæсты рæстæг. Фæлæ лæмбынæгдæр æрлæвдзыстæм иу цалдæрыл. Æрдæгсакъадах Керчы цы хæстон операци цыдис фашистты ныхмæ, уый историйы фыст æрцыд, куыд тæккæ тугкалæндæр æмæ уæззаудæр фыдæхтæй иу. Æмæ уыцы ран фистæгæфсæддон Дзанæджы-фырт дæр хъæбатырæй тох кодта знагимæ, цалынмæ хæцæнгарз йæ къухты уыди, уæдмæ. Хъыгагæн, Хасанбег уыцы ран уæззау цæф фæцис. Зæгъын æмбæлы, æмæ йæ дохтыртæ мæлæты къухтæй скъахтой.

Йæ цæфтæ куы сдзæбæх сты, уæд та нæгай фронтмæ ацыди цыфыддæр знаджы дæрæн кæнынмæ. Лæгдзинад æвдисгæйæ, Хасанбег иу уæлахизæй иннæмæ дарддæр цыди йе 'фсæддон фæндæгтыл. 1944 азы Дзанæджы-фырт йе 'мбæлттимæ тох кодта знаджы фидæрттæ басæттыныл, сахартæ Бобруйск æмæ Белосток суæгъд кодтой. Ацы тохы рæстæг та Хасанбег ногæй фæцæф ис. Сдзæбæх æмæ та æрлæууыд йе 'мбал хæстонты рæнхъы.

1945 азы 29 январы Дзанæгаты Хасанбег цы полчъы службæ кодта, уый, Пруссийы скæсæнæрдыгæй карз тох кæнгæйæ, суæгъд кодта гитлеронтæй сахартæ Найденберг æмæ Аллендорф. 1945 азы 30 апрелы не 'мзæххон стыр сгуыхтдзинад равдыста Кенигсбергы, стæй та Берлин байсыны рæстæг. Уыцы операциты тыххæй Советон Цæдисы Уæлдæр Командæгæнæг Иосиф Сталины номæй райста Арфæйы фыстæджытæ. Уæлахизы бон Хасанбеджы æрæййæфта госпитæлы. Хъыгагæн, уæззау цæфтæ та фæци хъæбатыр æфсæддон. Æртыккаг хатт!

Йæ райгуырæн Ирыстоныл, Хасанбег (Гадæбе) сæмбæлд 1945 азы 30 майы. Йæ риуыл цæхæртæ калдтой йе 'фсæддон хæрзиуджытæ: "Намысы Æртыккаг къæпхæны" орден, "Æхсардзинад"-ы, "Сахар Кенигсберг байсыны тыххæй", "Германыл фæуæлахизы" майдантæ. Уый фæстæ ма сыл бафтыд цалдæр майданы.

Хæствæллад æфсæддон иу бон дæр не суагъта йæ фæллад. Дысвæлдæхтæй бавнæлдта хъæууон хæдзарад йæ къæхтыл слæууын кæнынмæ, æхсæв-бон нæ хынцгæйæ, фæллой кодта колхозы быдырты, хæдзары мидæг дæр. 1947 азы Хасанбег бинонты хъуыддаг бакодта. Йæ цард баиу кодта Дзебойты Уæгъалыхъы чызг Тамарæимæ. Фæстæдæр сæ цæрæн бынат баивтой Черменыхъæумæ. Æмæ уым дæр Дзанæгаты бинонтæ се 'гъдау æмæ се 'фсармæй сæхи бауарзын кодтой хъæубæсты цæрджытæн. Йæехиуыл нæ ауæрдгæйæ, Хасанбег фæллой кодта хъæууон хæдзарады. Æххæст кодта алыхуызон куыстытæ. Тамарæ æмæ Хасанбег схъомыл кодтой æртæ læппуйы æмæ дыууæ чызджы. Шамил, Земфирæ, Эльмæ, Мæхæмæт æмæ Сергей дæр сæ ныййарджыты хуызæн сты фæзминаг, адæймаджы хуыздæр миниуджытæй хайджын. Дæсныйæдтæ райсгæйæ сæ алчидæр кусы æхсæнады алы къабæзты, æмæ уым дæр сæ коллективты 'хсæн сæ кад у бæрзонд. Алчидæр сæ у хицæн бинонтæ, схъомыл кодтой сæхи кæстæрты, ныр та уыдоны кæстæртыл цин кæнынц.

Бæргæ, сæ цардæй арфæйаг уыдысты Дзанæгаты бинонтæ, сæ къæсæрæй кæддæриддæр хъуысти хъæлдзæг ныхас, фæлæ уалынмæ сæ сæрмæ сау мигътæ æрбамбырд сты... Фыдбæллæх сыл æрцыд... Хасанбег (Гадæбе) æмæ Тамарæйы цоты кæстæр Сергейы цардхъуагæй адзал йæ сау дзæмбытæй се 'хсæнæй стыдта... Абоны онг дæр ма йæ хиуæтты зæрдæты рыст нæма ссыд, зæрдæрыстæй мысынц йæ рухс ном, йæ фæлмæн мидбылхудт сæ цæстытыл уайы...

1993 азы Дзанæгаты Хасанбег (Гадæбе) йæ цардæй ахицæн... Рухсаг уæд, рухс дзæнæт — йе 'нусон бынат.

Уæлахизы боны къæсæрыл нæ сæртæй ныллæг кувгæйæ, æрымысæм хъарм ныхæстæй, Фыдыбæстæйы сæрвæлтау хæсты быдыры чи фæмард, уыцы хъæбатыр æфсæддонты рухс нæмттæ, не 'хсæн ма чи ис, уыцы ветеранты...

Ничи у рох, ницы у рох...

МАЛИТЫ-БИЧИЛТЫ Алетæ

Рæстдзинады фарнæй — Уæлахиз уыдзæн мах!

Цард цыбыр у, фæлæ хорз хабар, уæлдайдæр та хъæбатырдзинады кой лæгæй куы айхъуысы, уæд уыцы цау адæмы сцымыдис кæны: чи у, цы ныййарджытæй, цы сыхбæстæй, цы хъæуæй рацыд, зæгъгæ, хъус-хъус фæкæнынц адæм, æмæ уæд йæ ном бирæ рæстæг дæнцæгæн баззайы дзыллæты зæрдæты.

Нæ дзæбæх сыхы — зындгонд уырыссаг революционер Серобабовы номыл уынджы цæраем 1976 азæй... Хорз хъуыды кæнын, нæ сыхмæ мах фæстæ цы бирæ цæрджытæ æрбацыд, уыдоны. 90-æм азты ног чи æрбалыгъд нæ уынгмæ, уыдонæй иутæ уыдысты хуымæллæггæгтæ — Багаты æрыгон бинонтæ, Альберт æмæ Альбинæ. Хуыцау сын балæвар кодта чызг æмæ лæппу: Чермен æмæ Ларисæйы. Фæскуыст-иу нæхимæ тигъæй Чкаловы уынгæй Серобабовы уынгмæ куы æрбазындтæн, уæд-иу сывæллæттæ (фылдæр нæ дуармæ хъазыдысты) цингæнгæ мæ размæ ралыгъдысты, сæ зæрдæтæ-иу сын мæ чингуытæй балхæдтон, кæм та-иу сын хатт изæрыгæтты нæ хæдзары цур, 7-æм номыры куы æрæмбырд сты, уæд-иу сын ирон фæндыræй дæр ацагътон.

Уæд нырма нæ сыхæгты лæппу Багаты Чермен гыццыл уыдис, иу авдаздзыд, хæрзхуызтæ, тымбыл къорийы хуызæн, фæцæй-иу лыгъдис уыцы хъамбул арæзт, размæ тындзгæйæ, цыма сабыр цæуын дæр нæ зыдта, афтæ:

— Чермен, кæдæм та лидзыс? Ма фæкæл!.. — хатгай-иу æй афарстон.

— Мамæ мæ дуканимæ рарвыста ... — æнæрлæугæйæ-иу дзуапп радта сывæллон.

Азтæ цыдысты... Скодта æндæр рæстæг. Фенкъард сты адæм. Хæсты хабар, Украинæ... Куырис, дам, куы судза, уæд ыл бæттæн ма хъуамæ худа, уый хорз зонынц ирон адæм. Нæ лæппутæ, амæй-ай лæгдæртæй, фæдисы цыд кæрæдзи фæстæ кæнынц æххуысмæ. Хæст хæст у, йæ арты бирæтæ бахауынц... Фæлæ нæ лæппутæй фæсте ничи фæлæууыд, нæ тарстысты, уымæн æмæ, уыдон фæндагыл цæугæйæ, фидарæй зыдтой, кæдæм цæуынц, уый: **"Кæнæ — сæрибар, кæнæ — мæлæт!"**

Уыцы фæндагыл ацыд йæ бинонтæ, йæ хæдзарæй, йæ уарзон чысыл райгуырæн зæххæй — Ирыстонæй Багаты Альберты фырт Чермен дæр. Ацыд, фæлæ ныййарджытæм — Альберт æмæ Альбинæмæ, йæ бинойнаг æмæ йæ хо — Ларисæмæ сыхъуыст æвирхъау сау хабар: 1 сентябры сæрмагонд æфсæддон операцийы Украинæйы Запорожьейы фронты, йе 'фсæддон хæс æххæст кæнгæйæ, карз хæстыты хъæбатырæй фæмард 33-аздзыд майор Багаты Альберты фырт Чермен, йе 'фсæддон фæсномыг — "Скала — 15" ("Къæдзæх — 15").

Чермен райгуырд 1989 азы 21 июлы Хуымæллæджы, фæстæдæр бинонтæ рацыдысты Дзæуджыхъæумæ, æмæ фæндзæм къласы ссис Суворовон училищæйы ахуырдзау, училищæмæ хæрзæввахс цардысты Багатæ. Алкæддæр сæрæн, фидæрттæ арæзт, цæстæвæрд æмæ коммæгæс лæппу уыд. Мæнæ куыд зæгъы ныртæккæйы суворовон спорткомплексы хицау йæ раздæры ахуыргæнинагæй — уæды суворовонты ротæйы командир Æгайты Октай: "Чермен уыд уæздан, лæмбынæг, мадзура арæзт лæппу... Амæй искæд рауайдзæн æцæг командир, уый мæ нæ уырныдта... Фæлæ



фæстæдæр, æцæгдæр, 9-æм къласы ссис йæехи хайы взводы командир. Уый фæстæ, йæехи фæндонмæ гæсгæ, ацыд Дард Ныгуылæн Иумæйаг æфсæддон уæлдæр ахуырадон командон училищæмæ горæт Благовещенскмæ. Иумæйаг басти дзинад нын Черменимæ уыд йæ царды кæронмæ, дзырдтам-иу кæрæдзимæ телефонæй, фæстагмæ дæр ма мын фехъусын кодта, кæй йæ æвзарынц штабы хицауæй..."

2011 азы Чермены арвыстой дарддæр службæ кæнынмæ Бурятимæ горæт Кяхтумæ.

"2021 азы июнæй ноябрмæ уыдис Сирийы. Хорз хæлар, æмгæрттимæ иузæрдион, сæ ныфс. Йæ зæрдæ уыд стыр, раст æппæт Зæххы къори дæр ын дзы бацыдаид, афтæ уарзта адæмы. Цардуарзон, фæлæ цы чысыл рæстæг ацард, уым ын бирæ цыдæртæ нæ бантыст йæ уды фæндиаг.

Хæларзæрдæ уыд мæ хъæбул, бирæ æмгæрттæ йын уыд, сæрмагонд операцийы райдайæны йе 'мбæлттæй цалдæр фæхъуыд æмæ сыл йæ зæрдæ тынг фæрыст... — дзуры Черменæн йæ ныййарæг мад Багаты-Уалыты Альбинæ, — 13 майы мæм фæдзырдта мæ райгуырæн боны фæдыл æмæ мын раарфæ кодта. Уый фæстæ мæм иу дзæвгар нал дзырдта телефонæй. Йæ сæр фæцæф æмæ хуыссыд рынчындоны... Бирæ дзы нæ фæци, бæрæггæнæг æм ацыдыстæм. Хъуыды-ма кæнын, куыд тынг зæрдæрыст æмæ сагъæссагæй дзырдта: "Ме 'мбæлттæ уым хæсты быдыры, æз та ам сыгъдæг хуыссæнты уон, уымæн куыд ис гæнæн?.." Цы фондз боны фæдæн мæ læппуйæн йæ цуры, уыдон мæ царды иууыл амондджындæр сты..."

Æгæрон у ныййарæджы хъиамæт, йæ бинойнаг æмæ йæ кæстæр хо Ларисæйы маст зæхх дæр сæ уромы... Ахæм æвирхъау хабар арвæй дур æрхауæгау уыд фыдæн — Багаты Альбертæн. Сау хабар сæ æрдæг фæкодта, афæлдæхта сын бинтондæр сæ зæрдæтæ. Иу дзæвгар сæ уæрджыты магъз нал уыд, бадон сæ хъару, хуры цæст сæ нал æндавы.

Уастæн, хæст чи 'рхъуыды кодта, уыдонæн сæ кой, сæ хъæр фесæфа, хæстæндзарджытæн сæ уидаг сыскъуыйа...

Чермены уарзон кæстæр хо Ларисæ дæр æнцон фæндаг нæ равзæрста. Фæцис сыгъзæрин майданимæ Волгограды Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады академи. "Ме 'фсымæримæ уыдыстæм тынг æнгом, 7 азы хистæр мæ уыд. Мæ царды цыфæнды фæзилæны дæр мын уыд стыр ныфс, æдзухæйдæр уыд мæ фарсмæ. Æнæхъусдардæй мæ никуы ныууагъта. Чындзы куы цыдтæн, уæд ууыйлдæр цин кодтой, Чермен та, цæмæндæр, уыд сагъæсхуыз, тынг æнкъард кодта".

2019 азы Чермен дæр бинонтæ æркодта, фæлæ нæ банкъардта хъæбулы ад, нæ базыдта фыды ад, нæ бавзæрста хъæбулыл цин кæныны уысмтæ...

Уæрæсейы Президенты бардзырдмæ гæсгæ, 2022 азы апрелы майор Багаты Альберты фырт Чермен хорзæхджынгонд æрцыд Лæгдзинады орденæй æмæ Суворовы майданæй...

Мæнæ куыд фыссы хæстон фæлгæсæг Мæрзойты Сергей йæ фыстæджы: ***"Ныртæккæ Запорожьейы фронты, æвирхъауæй Чермен кæм фæмард, уым ис цалдæр æфсæддон батальоны æмæ дивизионы Ирыстонæй. Тох кæнынц ирыстойнæгтæ æппæт бæстæйæ дæр — "Къæдзæх-15", афтæ хуыйны æмгуыст чи кæны, уыцы æфсæддон-ирон læппуты фидар ном. Уыдон тох кæнынц, æмæ сæ ис ныфс, Багаты Альберты фырт Чермены тугæй кæй сау къухтæ сты дзаг, уыдонæй сæ маст кæй райсдзысты. Стыр Хуыцау æмæ Рæстдзинады фарнæй — Уæлахиз уыдзæн мах!"***

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ,
РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег

Уæлахизы майы

Сæ кады бæрзонддæр куы фесты къæдзæхтæ,
Нæ хъæутæй куы фæлыгъд мæлæтхæссæг зин, —
Уæлахизы Майы салюты гæрæхтæй.
Ныронг дæр мæ цæстытыл уайы нæ цин.

Фырцинæй хъæбыстæ куы кодта йæ галтæн
Мæ нана, — куы фехъуыста хабар æваст,
Нæ постхæссæг судзаг цæссыгтæй фæкалдта
Фыццаг хатт æргомæй йæ зæрдæйы маст.

Мæ сагъæстæм цинтæ бæрæгбон æфтауы,
Фæлæ та хæрнæггаг фæвæййы йæ фынг,
Мæ мады цæстытæй зынг цæссыг æрхауы,
Мæ зæрдæ у рисæй æнæхуысгæ зынг.

Нæ дугæй мын фæрнджындæр бонтæ нæ уаид,
Фæлæ мыл фыццаг хатт уæд фехста йæ фат
Мæ сабион рæстæг Уæлахизы Майы:
Мæ фыд мæм нæ сыздæхт — æнусон салдат.

ЦОМАРТАТЫ Дунетхан

Уæлахизы кадæг

Уалдзæджы райдзаст бон нæ зæххыл куы банцад
Хæсты арт йæ сыгъдæй.
Карз тохы быдырты цас ирон туг ныккалд
Бомбæты рæмыгъдæй.

Æрæгмæ хъараг у маст ирон зæрдæмæ,
Фæлæ куы бахъары,
Уæд та нæ сонт риутæй фæтоны æддæмæ,
Бынат нал фæары.

Сухы цагъды фæуат, немыцаг лæгмартæ,
Цæй хъæддаг уыдыстут.
Адæмты цæгъдгæйæ, хæстмондаг цъаммартæ,
Стонг сырдтау куы систут.

Æмæ ныл фондз азы тугуарæн фæкодтат
Судзгæ сау нæмгуытæй.
Нæ чысыл хуртæй нын сидзæртæ æскодтат,
Æнахъом мæгуыртæй.

Уарзон буц чызджытæй æнæхай куы фесты
Усгур хъал læппутæ.
Фæлæ хорз базыдтат, ирæттæ кæй не сты
Тохы бон тæппудтæ!

Рæстдзинадыл тохы нæ сахъгуырд фæсивæд
Хъахъхъæдта нæ бæстæ.
Махыл, дам, Райгуырæн йæ зæрдæ ма сивæд —
Бафыстам нæ хæстæ.

Мах, дам, нæ рæзгæ цард мæлæтæн лæвæрдтам
Адæмы сæраппонд.
Æмæ уæззау тохы афтæ куы æнхъæлдтам —
Рæстдзинад у н' амонд!

Цæмæн уæд æскодтат нæ фæлмæн зæрдæты
Æнусон хъæдгæмттæ?!
Цæмæн нын ныууагътат нæ цоты хуыздæртыл
Тугæйдзаг æрхæмттæ?!

Карз тохы быдырты нæ хæстон бæлццæтты
Туджы зæй куы ласта,
Фæлæ нæм уалынмæ Уæлахиз æрхæццæ,
Сæрибар æрхаста.

Никуы уыдис æмæ никæддæр уыдзæни
Ирон лæг цагъайраг.
Худинаг йæ сæрмæ никуы æрхæсдзæни
Хæствæллад алайнаг.

Ал' аз дæр, æрвнæрдау, нæ бæстæ, нæ зæххæй
Хъуысдзæни "Уæлахиз!"
О, Иунæг Стыр Хуыцау, ног хæсты бæллæхæй
Ирыстоны бахиз!

ЦОЦИТЫ Емзар

Хæстарыд зарæг зæлы...

Ныссабыр тох... хæстарыд зарæг райхъуыст...
Кæмдæр ма ниуы удхæссæг нæмыг...
Нæ хæстонæн йæ цинел — тугæй ахуырст,
Йæ уадултыл бæзджын — фæлтæргай рыг...

Сабырадæн нывонд фæстаг хæдтæхæг
Сырх зынгæй судзгæ сау зæхмæ æрхауд,
Тæвд туджы малы ахуыссыд йæ цæхæр,
Сæумæйæ аскъуыд сахъ тæхæджы цард...

Ныссабыр тох... хæстарыд зарæг хъуысы...
Цæссыгтæ мингай суадæттæ кæнынц...
Милуанты туг сындæггай зæххыл сысы,
Милуантæ цин 'мæ сау мастæй кæуынц...

Сæрибар уддзæф тохуæлдæйттыл зилы...
Хæстдзагъд æрдонгыл узæлы фæлмæн...
Хæсткъахджыты фыдæхы малмæ 'взилы...
Лыг у ныр ам хæстбардуаджы хæтæн...

Ныссабыр тох... хæстарыд зарæг зæлы...
Æнустæм нæм сабырдзинад цæрæд!
Кæд исчи ма хæсты артмæ фæбæллы, —
Йæ фыдæхæй дæлджинæг-иу кæнæд!

ЗÆГЪОЙТЫ-ТЕБИАТЫ Жаннæ

Уæлахизы бонмæ

Уæлахизы бонæй дзæвгар рæстæг рацыд,
Уæддæр æй æрвылаз фæкæнæм бæрæг.
Нæ рох кæнынц абон дæр уыцы фыдазтæ.
Ныр бирæ ингæнтыл.

Фыдбоны хæст бирæты 'нæхай фæкодта
Рæсугъд цардæй, уарзтæй, сæрдыгон хурæй.
Уæд бирæ мадæлтæ сæ дзыкку ныттыдтой,
Уæд царæфтыд фесты хъæбулты мæрдæй.

О, цавæр æгъатыр уыд уыцы фыдызнаг!
Уый не 'взæрста саби, сылгоймаг, зæронд.
Фыдызнаг! Кæм-иу уай, кæн-иу уым фыдвæндаг!
Мах дардзыстæм кады тырыса бæрзонд!

О, Дунесфæлдисæг, дæуæй курæм абон,
Куыд никуыуал фехъусæм хæстæн йæ кой!
Куыд-иу худа мидбылты уарзонмæ уарзон,
Куыд-иу уой æдзухдæр нæ быдыртæ сой!

Равдыст

Гергиты Валерийы юбилеймæ

Бетъырбухы Мариинаг театры аивадон разамонæг — директор, Уæрæсейы адæмон артист ГЕРГИТЫ Валерийыл 70 азы кæй сæххæст, уый кадæн Цæгат Ирыстоны Национ музейы байгом равдыст "Гергиты Валери. Музыкæ — хъысмæт, бæллиц æмæ лæггад".

Гергийы-фырт фондз хатты хорзæхджынгонд æрцыд æппæтуæрæсеон театралон преми "Сыгъзæрин маскæ"-йæ, цыппар хатты — Бетъырбухы уæлдæр музыкалон преми "Сыгъзæрин софит"-æй, стæй æндæр фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг музыкалон хæрзиуджытæй.

"Равдыст нымад у Цæгат Ирыстоны Национ музей æмæ Бетъырбухы Мариинаг театры æмгуыстады æвдисæныл. Мариинаг театры архивон службæйæ нæ музейы фондтæм æрбафтыд бирæ æрмæджытæ", — фыст ис Национ музейы хъусынгæнинаджы.

Гергиты Валерийы фæндонæй Мариинаг театры чи ацыд, равдысты фенæн ис ахæм спектаклтæ æмæ фестивалты афишæтæ, буклеттæ æмæ программæтæ, стæй зындгонд адæймæгтимæ Гергийы-фырты къамтæ.

Экспозиции ахæсдзæн 20 майы онг.

РУБАЙТЫ Зæринæ,
къамтæ систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Фæзминаг сылгоймаг

Хорз сылгоймаг йæ хæрзуддзинад æмæ æгъдауæй фидауы. Ацы бонты Хæдарцаты-Заойты Людæйæн уыдзæн йæ райгуырæн бон. Уый фæдыл ын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, бинонты фарн, царды бирæ æнтыстдзинæдтæ, бирæ азты цæрæнбон.

Махæн, Людæ, ды дæ Нарты Сатанайау! Стыр Хуыцау дын балæвар кодта бирæ æрдзон курдиæттæ, бафæзминаг дæ бирæвæрсыг хъуыддæгтæй. Се 'ппæтæй дæр дæ хайджын. Иу ныхасæй, Людæ, нæ бон фидарæй зæгъын у, ды дæ æцæг ирон сылгоймаг: цы уындæй, цы кондæй, цы зæрдæйы ахастæй, цы фæндыр цæгъдынæй, цы кафынæй, цы хæдтулгæ тæрынæй. Æвæдза, тынг курдиатджын æмæ цæстуарзон адæймаг дæ, куыд бинойнаг, куыд хорз æмгар, куыд аивады кусæг, кæцыран ныууагътай хорз фæд. Бирæ азты, уæлдæр ахуыры фæстæ уыд университеты адæмон кæфтыты ансамблы солисткæ. Кафыдис Цæгат Ирыстоны паддзахадон ансамбл "Алан"-ы, стæй та Сывæллæтты сфæлдыстадон галуаны кæфтыты къорд

"Чысыл джигит"-ы разамонæг-хореограффæй. Хицауад ын йæ хъæппæрисджын æмæ æнæзæрдæхудт куыстæн саккаг кодтой Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæджы ном.

Æвæццæгæн, ахæм хорз миниуджытæ рахастай дæ хистæртæй, дæ ныййарджытæй. Нæ фыдæлтæ-иу чызджы курынмæ куы бацагуырдтой, уæд-иу сæ фыццаг фарст уыди, цавæр мыггагæй у, стæй, цавæр хæдзарæй рацыд? Стыр бузныг дын, Людæ, зæгъæм дæ мад æмæ фыдæн...

Цы кадджын хæдзармæ бакуывтай Хæдарцатæм, уым дæр равдыстай иттæг хорз зондахаст, фæлмæн зæрдæйы уаг, бинонтыл æнувыд æмæ æнгомдзинад. Уæдæ Лидæимæ та цæрыс, куыд ходыгъд афтæ нæ, фæлæ дыууæ хойау. Дæ цардæмбал Асланимæ схъомыл кодтат хæрзæгъдау цот. Ныр та ма ноджыдæрræвдауыс цоты цот дæр.

Дыууæ азы размæ де 'фсин Годжион æмæ Ирæ уыдысты улæфæн санатори "Ирыстон"-ы æмæ дæ афтæ æппæлыдысты, ахæм райгонд дæ уыдысты æмæ, сылгоймагæй, нæлгоймагæй уым чи улæфыд, уыдон дын фæсауыонмæ бирæ арфæтæ фæкодтой. Стæй ма ахæм хабар дæр, кæд Сывæллæтты стыр галуаны нал кусыс, уæддæр ныл дæхи нæ иуварс кæныс, вæййыс немæ, цы галуаны юбилейы, цы конкурсты, цы хуымæтæджы концертты.

Кæй зæгъын æй хъæуы, мах дæр демæ кæддæриддæр стæм иузæрдион, райгонд æмæ сæрыстыр. Бирæ азты нын æнæнизæй, уæнгрогæй, æнæмастæй, зæрдæрайæ фæцæр! Дæ бирæ кæстæрты циндзинæдтæй райгонд у! Дæ райдзаст хæдзары ирон фарнамонд цæрæд! Стыр Хуыцау дын бæркад сыгъзæрин тæбæгъты хæссæд!

Мады-Майрæмы хорзæх дæ уæд!

ДЗЕСТЕЛТЫ Соня,
Цæгат Ирыстоны
культурæйы
сгуыхт кусæг

Бакæс, базон

Кæд уæ æнæнизæй бирæ цæрын фæнды, уæд...

АСИНТЫЛ ДÆЛÆМÆ ФИСТÆГÆЙ ЦÆУТ.

Кæд алы адæймаг дæр зоны, асинтыл уæлæмæ фистæгæй цæуын пайда у æнæниздзинадæн, уæддæр зивæг фæкæнæм, уымæн æмæ нæм уыцы хъуыддаг зын кæсы. Фæлæ, асинтыл дæлæмæ цæуын дæр афтæ пайда кæй у, уый, зæгъæн ис, æмæ ничи зоны. Дзæгъæлы. Уымæн æмæ, асинтыл дæлæмæ хизгæйæ, "кусынц" тугдадзинтæ æмæ хæцъæфтæ.

УÆ ДÆНДÆГТÆЙ, КЪРАНДАСЫЛ ХÆЦГÆЙÆ, ДАМГЪУАТ НЫФФЫССУТ.

Компьютеримæ чи архайы, уыцы адæмæн арæх риссынц сæ бæрзæй, сæ уæхсчытæ. Цæмæй уæ астæуыстæг æмæ уæ бæрзæйæн æхсызгон уа, уый тыххæй уæ дæндæгты 'хсæн кърандас бакæнут æмæ дзы уæлдæфы дамгъуат фыссут. Бон иу хатт уæддæр кæнут афтæ, æмæ уæ уæ бæрзæй бузныгæй баззайдзæн.

УÆ ДЗЫХ ДЕНДЖЫЗОН ДОНÆЙ ÆНХЪÆВЗУТ.

Денджызон цæхх балхæнут, иу цайцымæн уидыг дзы агуывзæйы дзаг хъарм донылы ныккæнут æмæ дзы бон иу хатт райсомæй кæнæ изæрæй уæ дзых æнхъæвзут. Бауырнæд уæ, уæ дæндæгтæ, уæ хъуыр æмæ фындз амондджын уыдзысты — кариес æмæ сæм ангинæ нал уæнддзысты.

УÆ ЦЫППÆРТЫЛ ЛÆУУТ.

Уæ цыппæртыл слæуут, куыд уæ бон у, афтæ уæ фæсонтæ хæрдмæ скъуыпп кæнут æмæ уæ астæу зилæгау кæнут дыууæ минуты дæргъы. Лæварæн уын уыдзæни æнæниз астæуыстæг.

УÆ КЪÆХТЫЛ УАЗАЛ ДОН КАЛУТ.

Хуыссыны размæ уæ къæхтыл уæрджытæй дæлæмæ душæй иу минуты дæргъы уазал дон фæкалут. Уый фæрцы тагъддæр æмæ хуыздæр фæфынæй кæндзыстут, стæй уæ къæхты тугдадзинтæн дæр стыр пайда æрхæсдзыстут.

("Рæстдзинад"-ы архивæй)

Хъомылад

Бæрæгбон сабитæн

Сывæллон царды дидинæг хонынц. Алы ныййарæг дæр кувы æмæ куры, цæмæй йæ кæстæртæ æнæниз æмæ амондджынæй рæзой. Фæлæ, хъыгагæн, фæстаг рæстæг арæх сты гуырдзæй рынчын рахæсгæ сабитæ.

Дзæуджыхъæуы ис ахæм реабилитацион-ахуырадон центр. Ахуыр дзы кæнынц, цæстæй æвзæр чи уыны æмæ хъусгæ чи нæ кæны, ахæм сывæллæттæ. Центры цур кусы рæвдауæндон дæр. Нæ хъомылгæнинæгтыл цæуы 3-6 азы. Фылдæр хатт ма сæм вæйиы æндæр уæлæмхасæн уæззау низтæ дæр. Нæ хъусынц æмæ нæ дзурынц хъæлæсы мыртæ, фæлæ мах æппæт хъарутæй архайæм, цæмæй тæ. Ахæм тыхст бинонты фарсмæ балæвæрæм. Æппæт хъуыддæгтæм йæ цæст дары центры директор **Карсанаты Маринæ.**

Нæ куысты сæйраг нысан у, цæмæй нæ хъомылгæнинæгтæ фидæны царды ныфсджын уой. Медицинæйы ногдзинæдтæй пайда кæнгæйæ, сæ ныййарджытимæ иумæ архайгæйæ, нæ къухы æнтыстдзинæдтæ æфты. Сæрмагонд методикæмæ гæсгæ, арæхстдзинад. Рæсугъд мыдыбындзытæ **Гæтæгты Кирæ** æмæ **Калоты Кристинæ**, кæркæ-мæркæ гæлæбу **Хæдидже Ахмедова**, уыдонимæ архайдтой къогъо **Хуыгаты Сæрмæт**, "божья коровкæ"-йы сурæт та равдыстой **Хуыгаты Эдик** æмæ **Артур**. Хъомылгæнджытæ æмæ ныййарджытæ иумæ цæттæ кодтой уæлæдарæс æмæ хъæугæ декорацитæ. Раппæлинаг сты сывæллæтты мадæлтæ: **Калоты Юлия, Хуыгаты Виктория,** Хæдидже Ахмедова, **Гæтæгты Дианæ, Таутиаты Зæринæ, Хуыгаты Заремæ.**

банкъарой уыцы æхсызгондзинад. Змисы муртæй хæдзар куыд аразай, уыимæ абарæн ис нæ куыст. Ныййарæгæн, йæ хъæбулы низ базонгæйæ, йæ тасдзинад фæуæлахиз вæйиы, йæ уæнгтæ æрхауынц.

Нæ центры кусынц дæсны специалисттæ, фæлтæрдджын психологтæ, хъомылгæнджытæ, сурдо-тæлмацгæнæгтæ, музыкæйы ахуыргæнджытæ, хъазты хуызы сæ ахуыр кæнæм.

Æрæджы не скъолайы уыд бæрæгбон. Алы къорд дæр бацæттæ кодта Корней Чуковскийы аргъæуттæм гæсгæ театралон скъуыддзаг.

Рæвдауæндоны сабитæ, хистæрты æххуысæй равдыстой аргъау "Муха Цокотуха"-йæ хъæлдзæг скъуыддзаг.

Сценæйыл чысыл артисттæ равдыстой сæ

Цæмæй бæрæгбон хъæлдзæг рауайа, ууыл бацархайдтой центры кусджытæ: **Дриаты Зæлинæ, Хозиты Ирмæ, Байцаты Людмилæ, Татьянæ Ясешвили, Дарчиты Любæ, Дагуты Людæ, Хацырты Каринæ, Марихан Зарабекова, Созайты Нинæ** æмæ иннæтæ.

БАЙЦАТЫ Людæ,
сурдопедагог

Ацы хатт – Алагиры район

(Райдайæн 1 фарсыл)

Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадæн цавæр æххуысы мадзæлттæ ис районы — ацы фарстайы фæдыл ныхас кодта Парламенты промышленност, транспорт, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат.** Куыд загъта, афтæмæй национ проекты фæлгæты районы æххæстгонд цæуынц æртæ федералон программæйы. "Абоны бонмæ Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадæн æххуысы фонд уыцы нысанæн радих кодта 14 милуан сомы, — загъта раныхасгæнæг. — Райдайгæ амалхъомтæн læвæрд цæуынц гранттæ. Абоны бонмæ 5 милуан сомы аргъ гранттæ райстой 17 амалхъом адæймаджы. Уыцы хуызы æххуыс ма læвæрд æрцыд чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомгæнæг 199 субъектæн æмæ 28 зæхкусæг-фермерон хæдзарадæн".

Фарстайы фæдыл Тускъаты Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй æххуыс кæнын хæуы, бæстон куыст кæнынмæ цæттæ чи у æмæ фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæм амалхъомтæн.

Уымæй уæлдай, депутаттæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъонты проекттæ, стæй Уæрæсейы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристæ. Уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ: **Черчесты Аслан,** Хæдарцаты Аслæнбег, **Остътаты Георгги, Еленæ Князева, Реуазты Ларисæ,** Киситы Мурат æмæ **Джиоты Георги.**

Æмбырды кæронбæттæны районы царды алы къабæзты хуыздæр кусджыты Тускъаты Таймураз схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы Парламенты Кады гæххæттытæ æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдары Арфæйы фыстæджытæй.

Уый фæстæ Парламенты Сæрдар æрзылд, районы хъæуты бындурон рацæрæзты кæнæ цалцæджы фæстæ кусын чи райдыдта, уыцы объекттыл, æмæ сбæрæг кодта сæ ног уавæртæ æмæ гæнæнтæ, базыдта, адæм дзы се 'рвылбоны куысты ма истæмæй тыхсынц æви нæ, уыцы фарстатæ, ныхас кодта бынæттон цæрджытимæ. Уыцы объектты 'хсæн уыдысты: Алагиры Сывæллæтты аивæдты скъола, Алагиры районы центрон библиотекæ, фелсырон-акушерон пункттæ Уынал æмæ Буроны поселочы, Дæллаг Бирæгъзæнджы амбулатори æмæ Суададжы Культурæйы хæдзар. Уымæй уæлдай, Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта фæткъуы куыстгæнæг æнæхæст бæрндзинады æхсæнад "Владкæ" æмæ ныхас кодта куыстуаты разамонæг **Владимир Печеныйимæ.** Йæ архайды уавæртыл дзургæйæ, амалхъом адæймаг загъта, сæ куысты мидæг иунæг хъуыддагæй йеддæмæ хъуаг кæй ницæмæй æййафынц, уый, æмæ уыцы хъуыддаг у, дыргъы куыстмæ дæсны специалисттæ кæй нæ фаг кæны, стæй, æрыгæттæ уыцы куыстмæ се 'ргом кæй не 'здахынц, уый.

Тускъаты Таймураз цы объекттæ бабæрæг кодта, уым ма тыхстаг фарстатыл кæм сæмбæлд, уыдон аиуварс кæныны фæдыл æмбæлгæ амынддзинæдтæ радта, стæй ма дзуаппытæ радта Алагиры районмæ Парламенты депутатты кусæг балцы фæдыл дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæртты фарстытæн дзуаппытæн.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Дзырдбыд



ФÆРСЫРДÆМ: 7. Цыргъаг. 8. Донхæссæн дзаума. 10. Искæмæй исты дарын. 11. Ирон мыггаг. 12. Цæугæдон Сыбыры. 15. Уæлдæр скъолайы ахуырдзау. 16. Маргъы пакъуы. 17. Хъæддаг маргъ. 20. Фыдуаг, æнæсæттон. 21. Мыдыбындзыты продукт. 26. Нуазинаг. 28. Æнæпайда дзæгъæлы рацу-бацу кæнын. 29. Каумæ быцæугонд хъил. 30. Хуыз. 31. Цот. 32. Цыргъгæнæн. 35. ...цард дардмæ лидзы (æмбисонд). 36. Адджын гагадыргъ.

БЫНЫРДÆМ: 1. Æнæкуыстæй чи баззад, ахæм хуымзæхх. 2. Хъулы иу фарс. 3. Паддзахад Европæйы. 4. Къонайы хай. 5. Хуымзæхх уæллаг цъар. 6. Нæлгоймаджы ном. 9. Музыкалон инструмент. 13. Уæладзыг хæдзар. 14. Токаты Алиханы æмдзæвгæ. 18. Фосы холлаг. 19. Хæдзарон цæрæгой. 22. Раджы æфсæн хæцæнгарз кæм дардтой, ахæм къæбиц. 23. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 24. Рагон царды хоры тыллæг исæн бынат. 25. Исты куынæ фæфаг кæны, уый. 27. Хъæддаг цæрæгой. 33. Рæстæг, заман. 34. Волгæйы рахиз къабаз.

Дзуаппытæ 29 апрелы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 1. Усбирæгъ. 5. Альманах. 10. Му. 11. Ади. 14. Уи. 15. Агкæл. 16. Хæрзтæф. 17. Тарту. 19. Тæу. 21. Чиатура. 23. Къæбæда. 25. Сир. 27. Дæсæтин. 30. Мих. 31. Гæрæм. 32. Сынæр. 33. Тиб. 34. Кæф. 35. Фиу. 36. Хæрис. 37. Атлæс. 38. Зым. 39. Зды. 40. Яго. 41. Хæдон. 43. Сатин. 44. Аст. 45. Нæрæмон. 46. Они. 51. "Ногдзау". 52. Æгайнæг. 54. Æда. 57. Есена. 59. Минæвар. 61. Минас. 63. Ба. 64. Ага. 65. Ли. 66. Оренбург. 67. Хурзæрин.

БЫНЫРДÆМ: 1. Умар. 2. Суг. 3. Инæлар. 4. Гах. 6. Лæф. 7. Аразæн. 8. Аут. 9. Хиуа. 11. Арт. 12. Дзæнгæрæгдзæгъдæг. 13. Иту. 18. Бур. 20. Бæх. 21. Чъирифыссæн. 22. "Адæм". 23. Каис. 24. Амидингæнæг. 26. Сæтæлæг. 27. Дæлимон. 28. "Ныстуан". 29. Кæсæмир. 42. Нæуу. 43. Содæ. 47. Æгæнон. 48. Ази. 49. Бал. 50. Ангинæ. 53. Тебо. 54. Æна. 55. Ава. 56. Асин. 58. Сар. 59. Мæр. 60. Рæу. 62. Али.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры. Тел.: 8-906-188-38-83.

Произвожу профессиональную обрезку плодовых деревьев. Работает профессионал. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргъæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Газеты иннæ номыр рацæудзæн 11 майы

Номыры радхæссæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргъæлæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3443. Заказ № 530. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru